

N'ap Debat

Traducción Criollo haitiano - Español

Woy! Alon doule rèd'o!
Alon doule rèd'o!
Mezanmi, woy!

Twazièm son fenk sonnen nan Legliz
Katedral;
Solèy kouche lontan dèyè Mòn Lopital...
Lanati dechennen met tout moun anba kòd.
Gro kolòn, ti potò tounen pousiè ak sann.
Jezi, Mari, Josèf... Gras' a Mizerikòd...

Lanati dechennen met tout moun anba kòd.
Nou wè, nou pa konprann,
Sa rive sanzantann.
Latè tranble!
Latè tranble pi rèd pase fèy nan savann.

Anmwe! Anmwe! Sekou souple!
Nan pwèn bouch pou pale...

*Dies irae, dies illa;
Requiem aeternam dona eis, Domine.*

Ayiti! Ayiti! Alon doule rèd'o,
Mare senti'w sere.
Ayiti! Ayiti! Ou se yon fanm vanyan,
Kenbe la, pa lage...

Legetè toupatou mande: "Kouman ou ye?"

*N'ap debat, n'ap debat,
N'ap debat gras' a Die.*

*Mwen se rozo banbou nan chimen chwal malen;
Ou mèt wè'm plat atè,
Yon lòt moman, m'an lè.*

*Rete tann zanmi mwen,
M'ap vin pi bèl demen.*

Atansyon Legetè!
Pa pran chans Magouyè!
An verite twa fwa,
Ayiti pap peri!

*Oh! Qué dolor insoportable!
Oh, Dios clemente!
Que pena insoportable!*

*La tercera campana de la Catedral acaba de sonar
El sol se escondió hace rato detrás del Monte Lopital...
La madre naturaleza se descarriló, dejándonos a todos en la
miseria.
Grandes estructuras y pequeñas balsas se han convertido en
polvo y ceniza.
Jesús, María y José... Gracia y Misericordia...*

*La madre naturaleza se descarriló, dejándonos a todos en la
miseria.
Vemos, pero no comprendemos,
Ocurrió tan repentinamente.
La tierra tembló!
La tierra se sacudió más fuerte que una hoja en el desierto.*

*Ayuda! Ayuda! Rescátenme. Les ruego!
Estoy sin palabras...*

*Día de la ira, aquel día;
Dales, Señor, el descanso eterno.*

*Haití! Haití! Que dolor insoportable
Ajústate el cinturón.
Haití! Haití! Eres una mujer valiente,
Resiste, no te rindas...*

Los morbosos de todo el mundo preguntan: "Cómo está todo?"

*"Estamos resistiendo, resistiendo.
Estamos resistiendo por la gracia de Dios*

*Espera y verás, mi amigo,
Mañana brillaré."*

*Tengan cuidado, morbosos!
Ni siquiera lo intenten, conspiradores!
Les juro que
Haití no perecerá!*

-Gabriel T. Guillaume